

Pou Piblikasyon Imedya: 11/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON AK APLIKASYON KOUNYEA OUVRI
POU TWAZYÈM FAZ PRI EKSELANS NAN ANSÈYMAN EMPIRE STATE**

Onorab yo Resevwa Bous 5,000 Dola pou Sipòte Devlopman Pwofesyonèl

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia nominasyon ak aplikasyon pou twazyèm faz pwogram Ekselans nan Ansèyman Empire State (Empire State Excellence in Teaching program) ouvri kounyea. Pwogram nan rekonèt pwofesè atravè Eta New York ki te prepare ak siksè yon jenerasyon aprenan pou avni yo epi onore endividi eksepsyonèl ki te bay egzanp estanda ki pi elve nan ansèyman, travay pou ankouraje kreyativite, ajoute lanmou nan aprantisaj, epi enspire refleksyon endepandan ak inisyativ ka etidyan an.

“Eta New York se kay yon gwo kantite pwofesè devwe epi ki chaje talan ki pase karyè yo nan enspire ak anrichi lavi jèn moun nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwogram sa a ede rekonèt pi bon pami pi bon yo - pwofesè ki ale pi wo ak pi lwen pou etidyan yo bay resous yo bezwen pou reyisi nan klas ak pi lwen.”

“Nan kad pri Ekselans nan Ansèyman Empire State, pwofesè ki te priyorize amelyorasyon lavi etidyan yo ap jwenn rekonesans ak rekonpans pou devouman yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou valorize pwofesè Eta New York yo epi nou konnen yo se konpozan esansyèl pou reyisit pitit nou yo. Ak angajman yo pou wè etidyan yo briye andedan kou deyò klas yo, endividi eksepsyonèl sa yo pral kontinye amelyore avni sistèm edikasyon ak eta nou a.”

Onorab yo pral resevwa yon bous 5,000 dola pou sipòte enterè devlopman pwofesyonèl epi y ap resevwa envitasyon pou rankontre ak lidè inivèsite, anplwa ak politik atravè eta a pou pataje ekspètis ak konesans yo.

Nou envite pwofesè New York yo soumèt yon [aplikasyon](#) pou konsiderasyon final yon panèl lidè ki soti nan plizyè asosyasyon edikasyon pwofesyonèl New York. Ou dwe voye aplikasyon ou anvan 8 Mas 2019.

Manm panèl seleksyon an genyen ladann:

- Asosyasyon Administratè Lekòl Eta New York (School Administrators Association of New York State)
- Pwofesè Ini Eta New York (New York State United Teachers, NYSUT)
- Federasyon Pwofesè Ini (United Federation of Teachers)
- Konsèy Sipè-entandan Lekòl Eta New York (New York State Council of School Superintendents)

- Asosyasyon Paran Pwofesè Eta New York (New York State Parent Teacher Association)
- State University of New York

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Ekselans nan Ansèyman Empire State an, tanpri vizite: <https://www.suny.edu/excellence-in-teaching/>.

Prezidan Komite Edikasyon Sena a Shelley Mayer te deklare, “Pwofesè eksepsyonèl se fondasyon yon edikasyon efikas. Bous Ekselans nan Ansèyman Empire State se yon bon fason pou rekonèt edikatè san parèy nou genyen atravè eta a ki la pou etidyan nan yon pakèt fason anplis enstriksyon efikas nan klas. Bous ke yo bay ansanm ak prim nan pral pèmèt pwofesè yo kontinye devlopman pwofesyonèl ak plis pwogrè nan wòl yo nan sal klas la. M ap tann ak enpasyans pou rankontre onorab ane sa a epi kontinye sipòte resous pwofesè nou yo bezwen”.

Prezidan Komite Edikasyon Asanble a (Assembly Education Committee) Michael Benedetto, te di, “M ap felisite edikatè devwe yo ki se moun k ap resevwa prim Ekselans nan Ansèyman ane sa a. Reprezantan rejyon atravè Eta New York, se yon onè pou mwen pou m felisite chak nan yo pou akonplisman rekonesans endividyèl sa a paske y ap jwe yon wòl dinamik nan fè edikasyon divès popilasyon etidyan”.

Michael Mulgrew, Prezidan Federasyon Pwofesè Ini te deklare, “Pwofesè New York yo se ewo enkonni nan lavi etidyan nou yo, ke se nan moman y ap mete etensèl pou remen aprantisaj, ede ak yon kriz familyal oswa ankouraje etidyan pou vin fè premye chwa kolèj yo. Pwogram Ekselans nan Ansèyman Empire State rekonèt gwo travay kòlèg nou yo epi pataje istwa siksè yo”.

Prezidan NYSUT, Andy Pallotta, te deklare, “Lè nou fè investisman epi selebre pwofesè eksepsyonèl, n ap mete aksan sou wòl esansyèl edikatè yo ap jwe nan bay etidyan opòtinite pou pwospere ak reyisi. Yon bon pwofesè gendwa se etensèl ki limen imajinasyon yon etidyan ak ouvri chemen pou yon pi bon avni. Pwogram Ekselans nan Ansèyman Empire State la se yon fason pou asire ke pwofesè eksepsyonèl yo gen sipò yo bezwen pou tounen pi bon edikatè posib”.

Ane pase, te gen yon total 58 loreya yo te chwazi nan dis rejyon eta a pou twazyèm faz la. Yo te chwazi endividi sa yo kòm reprezantan sou 200,000 pwofesè devwe atravè New York k ap travay lannwit ak pandan wikenn nan korije devwa ak ekri plan leson; pwofesè ki pran tan yo te ka pase ak fanmi yo nan sware pou rele pwofesè pou pale sou pwogrè etidyan, pwofesè ki rive bonè ki prale ta pou yo akonpanye etidyan san èd anplis, ak plis ankò.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)